# Qaraqalpaqstan Respublikası Suw xojalıǵı ministrligi janındaǵı Aral boyı delta irrigaciya sisteması basqarması

| | | |
|---|---|---|
| **Qayıpbergenov Maman Jiemuratovich** | Qaraqalpaqstan Respublikası Suw xojalıǵı ministrligi janındaǵı Aral boyı delta irrigaciya sisteması basqarması<br>baslıǵı | |
| | Мәнзил: | 230100, Nókis qalası, Jayxun gúzarı kóshe |
| | Telefon: | 0(361) 229 30 08 |
| | E-mail: | m.qayipbergenov@umail.uz |
| | Qabıllaw kúnleri: | Du'yshembi 10:00-12:00 |

| | | |
|---|---|---|
| Image not found or type unknown<br>**Xudaybergenov Baxtiyar Qadirbaevich** | Qaraqalpaqstan Respublikası Aral boyı delta basqarmaması baslıǵınıń orınbasarı | |
| | Mánzil: | 230100, Nókis qalası, Jayxun gúzarı kóshes |
| | Telefon: | 0(361) 229 08 58 |

| | |
|---|---|
| E-mail: | b.khudaybergenov@umail.uz |
| Qabıllaw kúnleri: | Juma 10:00-12:00 |

**Aral boyı delta basqarması baslıǵınıń**

**wazıypaları**

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2003 jıl 21-marttaǵı PF-3226 sanlı pármanı, Ministrler Kabinetiniń 2003 jıl 21-iyuldaǵı 320-sanlı qararı, Ózbekstan Respublikası Awıl hám suw xojalıǵı Ministrliginiń 2003 jıl 29-iyuldaǵı 121-sanlı buyrıqlarında belgilep berilgen Suw xojalıǵı salasında birden-bir strategiyalıq siyasatı qáliplestiriw hám Suw xojalıǵı tarmaǵınan paydalanıw hámde zamanagóylestiriliwin támiynleydi.

Aral boyı delta basqarmasınıń jumıs alıp barıw baǵdarına ulıwma basshılıq etedi. Basqarıw principleri tiykarında jer usti suw resurslarınıń hukimetlik basqarıwın ámelge asıradı hám barlıq dárejede suwdan paydalanıwshılardıń bazar principlerin engiziwdi shólkemlestiredi.

Basseyn basqarmasında duzilgen Suw xojalıǵı Keńesiniń aǵzası esaplanıp, onıń menen birge jumıs alıp barıw baǵdarın muwapıqlastıradı hámde onıń usınısı tiykarında qabıl etilgen komissiya qararlarınıń orınlanıwın támiynleydi.

Tómengi Ámiwdárya irrigaciya tarmaqları basseyn basqarması menen kelisilgen halda obektlerdiń ekspluataciya qárejetleri, saqlaw, kapital hám kishi ońlaw jumısları ushın Respublikalıq byudjetiniń maqsetli paydalanıwına jeke juwap beredi hám tiyisli finans hujjetlerine qol qoyadı.

Aral boyı delta basqarması tárepinen duziletuǵın hár turli shartnamalardı, Basseyn basqarması tárepinen jazba juwmaq hám pikirlerdi, keltirilgen usınıslardı kórip shıǵıp, razılıq yaki rad etiw boyınsha Basseyn basqarmasına usınıslar beredi.

Aral boyı delta basqarması baslıǵı orınbasarı, bas buxgalter hám Qurılıs hám ońlaw jumısları boyınsha bas qániyge lawazımlarına tańlaw tiykarında tayınlaw ushın namzadlardı Tómengi Ámiwdárya irrigaciya tarmaqları basseyn basqarmasına usınıs

etedi.

Sonday-aq basqarmanıń shtat kestesiboyınsha usınıslardı Ózbekstan Respublikası Awıl hám suw xojalıǵı Ministrliginde tastıyıqlaw ushın Basseyn basqarmasına jiberiledi.

Aral boyı delta basqarması basqarıw apparatınıń shtat kestesin Suw xojalıǵı bas basqarması menen kelisilgen halda záruriyat tuwǵanda, shtattaǵı xızmetkerlerdiń belgilengen sanın hám miynetke haqı tólew fondı dógereginde tastıyıqlanǵan smeta qárejetlerine ózgertiwler kiritiw huquqına iye.

Basqarma apparatı hám tarmaqları xızmetkerlerin tańlaw tiykarında lawazımlarǵa tayınlaydı.

Sonday-aq basqarma apparatı bólimleri hám tarmaqları haqqındaǵı nızamların tastıyıqlaydı. Basqarmanıń Ózbekstan Respublikası nızam hujjetleri buzılǵan jaǵdaylarda qabıl etilgen qararların (kórsetpelerin) biykar etedi.

Óziniń jumıs alıp barıw baǵdarı dógereginde nızam hujjetlerinde belgilengen basqa da huquqlarǵa iye.

Aral boyı delta basqarması basshı xızmetkerlerin hámde qániygelerin «Suw xojalıǵınıń aǵlası» kókirek nıshanı, Hurmet jarlıǵı hámde hukimet sıylıqları menen sıylıqlaw ushın Basseyn basqarmasına usınıslar beredi.

Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesine, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesine hám Tómengi Ámiwdárya irrigaciya tarmaqları basseyn basqarmasına jiberilip atırǵan xat hám maǵlıwmatlarǵa qol qoyadı hám apparat májilisin ótkeredi.

Aral boyı delta basqarması basqarıw apparatı, buxgalteriyası, qurılıs hám ońlaw jumısları bólimi, kadrlar, is jurgiziw hám yuridikalıq bólimleriniń jumıs alıp barıw baǵdarlarına tikkeley basshılıq etedi. Basqarma quramına kiriwshi tarmaqlarınıń jumıs alıp barıw baǵdarlarına óziniń orınbasarı arqalı basshılık etedi.

Aral boyı delta basqarması baslıǵı orınbasarınıń wazıypaları.

Tómengi Ámiwdárya irrigaciya tarmaqları basseyn basqarması baslıǵı menen kelisilgen halda basqarma boyınsha mashqalalardı sheshedi. Qadaǵalawda bolǵan hujjetlerdiń orınlanıwın támiynlewge juwap beredi hámde tómendegi bólimlerge tikkeley basshılıq

etedi hám basqaradı.

Aral boyı delta basqarmasınıń basqarıw apparatınıń:

- Qurılıs hám ońlaw jumısları bólimi;

- Avtomexkolonna;

- Kishi xızmetkerler bólimlerine tikkeley basshılıq etedi.

Óziniń huquqları hám wazıypaları dógereginde Respublikanıń basqa ministrlik hám mekemeler menen qátnasta bolıw, birgelikte usınıslar tayarlawǵa hám kórip shıǵıw ushın basqarma baslıǵına kiritiwge;

Basqarma tárepinen tiyisli ráwishte hukimet qararlarınıń, pármayıshlarınıń orınlanıwın analiz qıladı. Basqarma tarmaqlarınan kelis tusken xat hám shaǵımlardı kórip shıǵadı hám basqarma basshısına usınıs beredi;

Basqarmaǵa tiyisli máseleler boyınsha tarmaqlardan maǵlıwmat alıw hám olarǵa tapsırmalar beriwge, sonday-aq basqarma baslıǵı menen kelisilgen halda bar mashqalalardı sheshiw maqsetinde tekseriwler, keńesler hám seminarlar ótkziwge;

Basqarma balansındaǵı gidrotexnikalıq soorujenielerdiń, dambalardıń, avtotransport hám texnikalardıń islew nátiyjeliligin arttırıw rejeleri, muǵdarları hám qárejetleriniń ulıwma jıllıq esabatın anıqlaydı;

Suw xojalıǵı obektlerin paydalanıwǵa sarplanǵan miynet, materiallıq-texnikalıq resursları, byudjet qarjılarınıń esap-kitabın shıǵaradı hám is-ilajlar duzedi hámde remont jumıslarınıń orınlanıwın támiynleydi;

Basqarma balansındaǵı suw xojalıǵı obektleriniń kompleksi remont jumısların shólkemlestiriw hám monitoring alıp barıw, olardan isenimli  paydalanıwdı shólkemlestiriw, avtomatika, telemexanika hám baylanıstıń jańa turleri hám basqa ásbap-uskeneler, texnologiyalar engiziwi hám orınlanǵan jumıslardıń kóleminiń proekt-smeta hujjetlerine sáykes  keliwin qadaǵalaydı;

Gidrotexnikalıq qurılmalarda paylanaıwdı jánede tereńlestiriw maqsetinde remont jumıslarına tayarlanǵan proekt-smeta hujjetlerin ekspertizadan ótkiziw, gidrotexnikalıq qurılmalardı pasportlastırıw boyınsha zárur is-ilajlardıń islep shıǵarılıwın hám orınlanıwın shólkemlestiredi.

Avtotransport, mexanizaciya hám támiynat jumısların rawajlandırıwda birden-bir

texnikalıq siyasat hám texnika jetiskenligi nátiyjelerin engiziw boyınsha xızmet bólimleriniń jumıs ónimdarlıǵı asırıw ilajların kóredi;

Aral boyı delta basqarması apparatı xızmetkerleriniń jumıs alıp barıw baǵdarında zárur shart-sharayatlar jaratıp beriw hám barlıq xızmetkerler tárepinen orınlaw hám tártip-intizamǵa qatań boysınıwın qadaǵalap baradı.